

KONNEN BENEFIS OU YO

Yon gid pou imigran yo

Sivivan vyolans domestik ki gen estati VAWA

Si ou se yon ansyen oswa aktyèl mari oswa madanm oswa pitit yon sitwayen ameriken oswa yon rezidan pèmanan legal ki se sivivan vyolans oswa batri ekstrèm, epi ki te resevwa estati imigrasyon legal atravè yon "oto-petisyon VAWA", chanjman nan Medicaid ap vini. Men sa ou bezwen konnen:

- Moun ki gen oto-petisyon VAWA apwouve yo ap pèdi kalifikasyon yo pou Medicaid nan dat 1ye oktòb 2026.
- Sepandan, si ou resevwa rezidans pèmanan legal (kat vèt), ou kalifye pou Medicaid apre yon tann senk ane. Ou kalifye tou pou SNAP (koupon manje), TANF (asistans lajan kach Work First), ak Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, [SSI] pou moun ki andikape) apre senk an.
 - Si ou gen yon oto-petisyon VAWA apwouve men ou poko aplike pou yon kat vèt konplè, ou ta dwe fè sa pi vit posib apre dat priorite ou a vin disponib (mari oswa madanm sitwayen ameriken yo ka aplike an menm tan ak oto-petisyon VAWA yo a).

ENPÒTAN:
Moun ki fè oto-petisyon VAWA ki se fanm ansent ak timoun ki poko gen 19 an ap kontinye kalifye pou Medicaid apre 1ye oktòb 2026, menm si yo poko gen kat vèt yo.

Ekip k ap defann dwa imigran ak refijye yo pwoteje epi defann dwa imigran ak refijye yo lè l ankouraje politik piblik ki favorize imigran epi lè l bay reprezantasyon legal estratejik.



Tan datant pou apwobasyon kat vèt ou a ka long, kidonk si ou poko kòmanse pwosesis pou jwenn kat vèt ou a, ou ta dwe pale ak yon avoka pi vit posib.

- Si ou se yon moun ki fè pwòp petisyon VAWA ou epi ou POKO gen yon kat vèt, ou kalifye pou pwogram sa yo, depi ou satisfè tout lòt kritè kalifikasyon yo:
 - Asirans sante nan men [Healthcare.gov](https://www.healthcare.gov) (men sèlman jiska 31 desanm 2026)
 - Pwogram nitrisyon pou fanm, tibebe ak timoun (WIC)
 - Manje midi ak dejene lekòl
 - Andikap Sekirite Sosyal ak retrèt Sekirite Sosyal

PLIS OPSYON SWEN SANTE:

Pou jwenn èd pou jwenn swen sante ak medikaman sou preskripsyon ki gratis oswa ki pa koute chè, pou aplike pou benefis, pou jwenn manje lokal oswa opsyon lojman ak plis ankò, gade fèy Resous sante nou an nan www.ncjustice.org/health-resources

